# QARAQALPAQSTANDA KOREYS DIASPORASINIŃ BAYRAMLARI

**Sharjaubaeva Gulpira Batırbaevna**
**Innovacion texnologiyalar universiteti**
**Tariyx hám sotsiallıq pánler kafedrasi assistenti gulpirasharjaubaeva@gmail.com**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.17500578**

Qaraqalpaqstan koreysleri de respublikada jasawshı barlıq xalıqlar qatarı mámleket tárepinen rásmiy belgilengen bayramlardı belgileydi, lekin olar menen birge sap milliy bayramları – **Xansik, Ovol Tano, Chxusok** bayramların da belgileydi hám bayramlaydı.



*1-suwret Koreyslerdiń shańaraq bayramlarınan kórinis*

Koreyslerdiń Qaraqalpaqstan Respublikasında ótkiziletuǵın shańaraq bayramları ushın túrkiy xalıqlarǵa jaqın bolǵan joqarı ádep-ikramlılıq hám ruwxıylıǵın sáwlelendiriwshi bayramlarda orın ierarxiyasına ámel etiw menen baylanıslı bolǵan dábdebeli máresimler xarakterli. Dábdebeli stol, qutlıqlawlar ushın sózlerdi hám tostlardı daǵazalawda usınıladı. Koreyalılardıń súyikli bayramlarınan biri bul – Jańa jıl bayramı esaplanadı. Rásmiy ráwishte koreysler bunı úsh márte belgileydi. Dúnyanıń kópshilik mámleketlerinde bolǵanı sıyaqlı 1-yanvarda, ay kalenderına kóre, Koreya Jańa jıl (**Sol Nal**) hám 21-mart kúni musılmanlardıń Nawrız bayramı bolıp bayramlanadı. Usınıń menen birge, dástúriy Jańa jıl máresimleri eń jarqın 1-yanvarda sáwlelengen. Usı bayramnıń simvolı – Rodjestvo teregi bolıp esaplanadı. Koreysler tárepinen Jańa jıl bayramı, respublikanıń barlıq xalqı sıyaqlı ádette eki basqıshta ótkiziledi. Birinshi basqısh –Jańa jıl bayramın barlıq bilimlendiriw oqıw orınlarında, miynet jámiyetik orınlarında Ayaz ata, Qar qız qatnasıwında oyınlar, yolka átirapında quwnaqlar, kórkem óner jámáátlerdiń shıǵıwları menen birgelikte bayramlaw menen baylanıslı. Ekinshi basqısh – Jańa jıldı shańaraq penen belgilew hám bayramlaw bolıp, Jańa jıldı ákeler úyinde belgilew ádetke kirgen. Ol jerde barlıq balalar ádette shańaraqları menen birge boladı. Koreya Jańa jıldı bayramlaw Shıǵıs hám slavyan xalıqlarınıń úrp-ádetlerine uqsas kóplep belgilerdi óz ishine aldı: Rodejestvo tereginiń shıraqların jaǵıw máresimi, ólgen adamlardı eslew hám qádirlew, tuwısqan jaqınlar hám doslar ortasında sawǵalar almasıw hám taǵı basqalar bolıp tabıladı. Koreyalılar arasında ata-analar úlkenlik principke kóre, balalardan qutlıqlawlar qabıl etedi. Birinshi bolıp tuńǵısh balanıń shańaraǵı, keyin aǵa-inililer, onnan keyin apa-sińliler shańaraǵı

menen qutlıqlaydı. Jańa jıldı qanday bayramlaysız, onı qanday ótkizesiz, degen isenimge ámel etken koreysler jańa nárselerdi satıp alıw hám jańa jıl dástúrxanın toltırıw ushın hesh qanday qárejetti ayamaydı. Hár bir shańaraq, ásirese, eger er adam jańa jılda birinshi bolıp úyge kirse, bul jaǵdayda Jańa jıl olar ushın áwmetli hám baxıtlı bolıwına isenedi. Jańa jıl menen bir qatarda koreysler Xansik, Ovol, Tano, Chxusoktı bayramlaydı.

Grigorian kalendarına kóre, **Xansik** – salqın awqat kúni bul – 5-6-aprel kúnlerine tuwra keledi. Xansikte koreysler tuwısqanlarınıń qábirlerine barıp, eske alıw máresimin ótkizedi. Sol kúni qabıl etilgen ádet boyınsha estelikler ornatıladı, torlar ornatıladı, qábirlerdi ońlaw hám tazalaw isleri alıp barıladı.



*2-suwret Xansik – salqın awqat kúni koreysler tuwısqanlarınıń qábirlerine barıp, eske alıw máresiminen kórinis*

**Ovol Tano** – Ay kalendarınıń 5-ayınıń 5-kúni, kún egiwdi tamamlaw. Sol kúni koreysler erte tańnan tuwısqanlarınıń qábirlerin zıyrat etiw, jerlew máresimin ótkiziw bolıp esaplanadı. Bular keyingi ayırım qandayda bir sebeplerge kóre, tuwısqanları hám doslarınıń qábirlerin zıyrat ete almaydı, marhumdı úyde eslewdi umıtpaydı.




*3-suwret Ovol Tano - koreysler erte tańnan tuwısqanlarınıń qábirlerin zıyrat etiw, jerlew máresimin ótkiziw kórinis*

**Chxusok** – qamariy kalendardıń 8-ayınıń 15-kúni, hasıl hám minnetdarshılıq bayramı bolıp tabıladı. Chxusok, Xansik, Ovol Tano sıyaqlı koreysler tárepinen ólilerdi eslew menen baylanıslı máresimler sanaladı.



*4-suwret Chxusok- hasıl hám minnetdarshılıq bayramınan kórinis*

Analıq toy, jerlew máresimleri, bayramlar haqqındağı bilimler koreyslerge xalıqtıń úrp-ádetleri, úrp-ádetlerine qosılıwğa, óz mádeniyatın saqlap qalıwğa járdem beredi. Usınıń menen birge, tek milliy tamırlarğa múrájat etken halda tek usı tiykarda ruwxıy qayta tuwılıwdı támiyinlewge urınıwlar, koreyslerdiń uzaq múddetli rawajlanıwı basqa xalıqlardıń milliy dástúrleri hám úrp-ádetlerin bilmey turıp tabısqa erispeydi.

Chxusoktağı eslew dástúrxanına jańa hasıldıń miyweleri dástúrxanğa qoılıwı hám gúrish, sorpanıń ornına (**sonpxyon**) menen puwda pisirilgen gúrishli keks qoyıwı menen ajıralıp turadı. Usınıń menen vilkalar pıshaqtan stolğa tek chopstikler qoyıladı.



*5-suwret -chopstiks*

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Хван Л.Б. Корейцы Каракалпакстана: вчера и сегодня. – Нукус, 2004. С.46- 47.
2. Лим Э.Х., Че И.Е., Корнеева И.В. Традиционная культура корейцев в обрядах жизненного цикла. Южно-Сахалинск. 2015. С.63.
3. Хван Л.Б. Корейцы Каракалпакстана: вчера и сегодня. – Нукус, 2004. С.45.